




# ZOUTI KONSEPSYON KOLEKTIF POU GAD MANJE YO

(SANT ALIMANTASYON)





# TABMATYÈ

1	Kiyès Nou ye
2	Sant Alimantasyon Harvest On Vine: Evalyasyon Ka
10	<b>Zouti Konsepsyon Kolektif pou Gad Manje Yo</b>
13	Komite Konsepsyon Kolektif: Kiyès ki sou tab lan?
16	Evalyasyon Sant Alimantasyon an
19	Kreye Espas Favorab pou Konsepsyon Kolektif lan
20	Fè Mesaj lan Pase
21	Aplikasyon
24	<b>Plonje Pi Fon: Zouti</b>
25	Glosè
26	Gid Animasyon
27	Kesyon pou Animatè yo Kòmanse
28	Egzanp Kalandriye Konsepsyon Kolektif
30	Kat Priyorite
32	Egzanp Kalandriye Reyinyon
33	Pri ki Posib
33	Pwototip
34	Fòm Aplikasyon Komite Konsepsyon Kolektif lan
36	Lis Verifikasyon Evalyasyon Sant Alimantasyon an
38	Fè Mesaj lan Pase: Echantyon Tèks



**Biwo Majistra pou Nouvo  
Mekanis Vil**



**Share Our Strength**



**Mark Araujo**



**Biwo Majistra pou Jistis nan  
Kesyon Alimantasyo**

# KIYÈS NOU YE

Yo te fòme **Biwo Majistra pou Nouvo Mekanis Vil (Mayor's Office of New Urban Mechanics, MONUM)** yo nan lane 2010 kòm ekip rechèch sivik ak konsepsyon Majistra a (youn nan premye ki genyen nan tout peyi a). Nou etidye epi abòde eksperyans ak pwototip ki kouvri yon pakèt sijè. Byenke nou kolabore nan plizyè domèn ki varye, tout pwojè nou yo genyen menm objektif lan: amelyore kalite lavi moun Boston yo genyen.

**Biwo Majistra pou Jistis nan Kesyon Alimantasyon (Mayor's Office of Food Justice, OFJ)** ap trabay pou amelyore aksesibilite ak pri alimantasyon ekilibre nan Boston. Objektif OFJ se pou kreye kominate k ap benefisyé yon sekirite ak kilti alimantè ki dinamik ak konplè. Manje sa a dwe bon mache, fasil pou jwenn, epi reflete plizyè kilti ki genyen nan Vil Boston.

Atravè kanpay li an ki se “**No Kid Hungry**” (Okenn Timoun Pa Dwe Grangou) **Share Our Strength** ap travay pou diminye grangou ki genyen nan tout peyi a. Ekip Inovasyon Pwogram No Kid Hungry an (Okenn Timoun Pa Dwe Grangou) kreye estrateji pou reponn ak bezwen fanmi yo ki gen difikilte ekonomik, epi travay pou amelyore eksperyans itilizatè yo ap fè nan pwogram federal pou nitrisyon.

**Mark Araujo** se yon kreyatè, atis, edikatè, epi espesyalis panse estratejik ki pasyone sou fason pou ede lòt moun gras ak pisans konsepsyon ki konsantre sou moun, oryante sou entansyon ak enpak. L ap chèche pou rann lavi sivik lan plis rezistan pandan l ap kolabore, epi pandan y ap kreye ansanm ak manm ki nan kominate yo pou abòde pwoblèm prensipal yo. Epitou, li vle i kreye yon atmosfè transparans ak pataj responsabilite.

**SANT  
ALIMANTASYON  
HARVEST  
ON VINE:  
EVALYASYON KA**

# SANT ALIMANTASYON HARVEST ON VINE

Yo te fonde Sant Alimantasyon Harvest On Vine (Harvest on Vine Food Pantry, HOVFP) sa gen pase 20 lane nan katye Charlestown nan Boston. Li sèvi 500 kliyan chak mwa, sòti nan plizyè kilti ak antesedan ekonomik. Li se yon pati nan Saint Mary - Saint Catherine of Siena, ki se yon Pawas Katolik Women ak vokasyon sosyal epi li se yon manm nan rezo sant alimantasyon Bank Alimantasyon nan Greater Boston. Bank Alimantasyon Greater Boston te deklare pandan ane 2022 an, ensekirite alimantè toujou rete wo nan Massachusetts epi gen anviwon 1.8 milyon granmoun ki rapòte gen ensekirite alimantè nan fanmi a, oswa 33% nan popilasyon eta a. HOVFP se youn nan plis pase 70 sant alimantasyon nan Boston k ap ede nouri fanmi ki pa genyen ase aksè ak manje yo.

## Kontèks pou Pwojè a:

Nan 2022, Konsèy Vil Boston Gabriela Coletta, ki reprezante katye Charlestown ak East Boston yo, te debloke yon finansman ARPA \$100,000 bay Biwo Sekirite Alimantè pou Sant Alimantasyon Harvest On Vine. Biwo Sekirite Alimantè ak MONUM, te pwopoze yon pwosesis konsepsyon kolektif Mark Araujo te dirije nan kad sibvansyon an. Konbinezon resous sa a te pwopoze yon opòtinite san parèy pou santre bezwen ak preferans kominote k ap itilize sant alimantasyon an epi bay enfòmasyon sou fason pou yo ta depanse finansman an.


Chan aplikasyon an gen ladan li difikilte sant alimantasyon tout dimansyon te rankontre, tankou fason pou jwenn plis manje fre, fason pou jwenn manje ki enpòtan pou kilti, asire livrezon sèvis ak diyite, ak itilizasyon amelyore espas kominotè yo.




Komite konsepsyon kolektif HOVFP an ap travay san kanpe

### **Rezulta Enpòtan:**

- ◆ Kreyasyon komite konsepsyon kolektif HOVFP ki gen anviwon 10-15 moun k ap patisiye chak seyans
  - ◆ Kreyasyon komite konsepsyon kolektif ki pale panyòl
  - ◆ Kreyasyon komite konsepsyon kolektif ki pale mandaren
- ◆ Yo òganize 14 seyans konsepsyon kolektif
- ◆ Revize pwosesis resepsyon epi òganizasyon liy datant sa ki pèmèt pou redui a 50% nan tan datant epi ajoute yon liy pou moun ki gen andikap gen aksè ak pòs akèy.
- ◆ Idantifye bezwen pou gen plis avantaj pou gen pwodui fre ak atik ki ka dire sou etajè, ki te posib gras ak sibvansyon ARPA bay
- ◆ Ogmantasyon manje ki enpòtan pou kiltirèl yo distribye ki pou koresponn ak divès kalite moun nan Charlestown (Yo pale plis pase 12 lang)
- ◆ Konekte kliyan yo ansanm ak lòt sèvis sosyal
- ◆ Amelyore konsepsyon ankèt pou kolekte kòmantè kliyan sant alimantasyon yo bay
- ◆ Yo te kreye baz espas kominotè modènize tankou:
  - ◆ Bibliyotèk liv kizin
  - ◆ Espas resèt ekilibre
  - ◆ Pwogram renovasyon kizin ak pwomosyon kizin ekilibre



Chema ak desen siplément pou prezante lòt sit akèy pou kliyan ak refòm liy



## **Yon Koudèy nan Pwosesis: Akèy Kliyan ak Refòm nan Liy**

Aprè yo fin fè yon evalyasyon sant alimantasyon nan HOVFP, komite konsepsyon kolektif te deside fè refòm nan pwosesis akèy kliyan an ak estrikti liy lan se t ap premye bagay pou yo ta fè pou amelyore eksperyans global kliyan an.

Evalyasyon an te revele anpil fwa kliyan yo vini kèk èdtan alavans avan yon distribisyon manje, epi fè liy ak kite charyo yo nan liy yon fason pou kenbe plas nan liy lan. Anplis, genyen plizyè granmoun aje ansanm ak kliyan ki gen yon andikap nan liy lan. Epitou se pwosesis pou rantre a ki te lakòz genyen anpil kliyan k ap tann paske yo te mande kliyan yo bay anpil enfòmasyon, menm kèk ki pa te enpòtan. Lè yo poze kliyan yo kesyon sou konpòtman yo, yo jis mete nan tèt yo se paske nou pè pou manje a pa fini. Avèk tout enfòmasyon sa a nou kòmanse byen rapid.

Nou konsakre 4 seyans konsepsyon kolektif yo pou abòde domèn amelyorasyon sa yo epi nou te aplike chanjman ti kras pa ti kras nan chak distribisyon, asire nou kolekte epi aplike kòmantè kliyan yo bay pandan n ap pwogrese a. Nouvo pwosesis pou rantre a ansanm ak liy, nan ka sa a, se kèk nan pwototip nou yo!

### **Nòt ki sòti nan seyans konsepsyon kolektif yo:**

- ◆ Yo te mete aksan sou baz politik ajisteman liy, ak de (2) tan atant ki diferan A-L | M-Z nan lòd altènatif selon jou distribisyon an, divize an gwoup mobil ki gen 10 moun
- ◆ Yo te konkli li nesesè pou gen yon liy aksè separe, yon zòn ki la espesyalman pou charyo, ak yon estasyon pou akeyi epi ki ofri rafrechisman/kolasyon.
- ◆ Enterè pou gen yon pi bon komunikasyon ak kliyan ki pa pale angle—ki pale chinwa ak panyòl an patikilye—epi lide pou vil la bay entèprèt ak materyèl ki tradui
- ◆ Sou plan chanjman fizik, yo te ajiste pozisyon liy lan pou santre ozalantou biling prensipal legliz la epi evite aksidan ak machin tout kote sa posib, epi toude nouvo ajisteman sa yo dwe aplike ti kras pa ti kras nan pwochen distribisyon manje yo.

### **Yo te klase domèn opòtinite an de (2) kategori: akoutèm oswa alontèm:**

#### **Akoutèm:**

- ◆ Pano ak entèprèt plizyè lang
- ◆ Dokiman naratif plizyè lang pou eksplike chanjman ki fèt yo
- ◆ Zòn pou charyo
- ◆ Liy ki la espesyalman pou moun ki gen andikap
- ◆ Estasyon akèy ki bay rafrechisman/kolasyon
- ◆ Chèn pou fè liy

#### **Alontèm:**

- ◆ Ovan ki deyò nan pakin legliz lan ak lanp pou chofe
- ◆ Limyè pou klere zòn distribisyon manje a
- ◆ Entegrasyon sèvis lokal/minisipal ak pataj enfòmasyon



**ZOUTI  
KONSEPSYON  
KOLEKTIF  
POU  
GAD MANJE YO  
(SANT ALIMANTASYON)**

*Bwat zouti sa a genyen fason pou travay ansanm ak kominate yo...*

**ZOUTI  
KONSEPSYON  
KOLEKTIF  
POU  
GAD MANJE YO  
(SANT ALIMANTASYON)**



**Bwat zouti sa a genyen fason pou travay ansanm ak kominote yo pou amelyore eksperyans yo fè nan gad manje yo. Zouti konsepsyon sa yo te adapte nan kad yon pwosesis kreyasyon kolektif nan Sant Alimantasyon Harvest on Vine nan Boston.**

Konsepsyon pataje an se yon metòd patisipatif pou kreye solisyon. Yo trete tout moun ki gen enterè yo antanke kolaboratè egal: li genyen ladan li kreye **ansanm ak**, se pa **pou**. Objektif travay sa a pa chita sèlman sèlman pou konprann preferans, pwen fò, ak bezwen vizitè biwo a epi angaje yo pou kreye yon pi bon eksperyans. Epitou, li kreye yon espas kominotè ki ankouraje diyite ak koneksyon ak redui dikriminasyon ki kapab asosye ak aksè nan sistèm alimantè karitatif.

**Zouti sa yo kapab itilize nan yon pakèt sitiyasyon konsènan sant alimantasyon, lè kominote a bay kòmantè ki itil:**

- ◆ Kijan pou mete lòt estrikti nan liy ki gen rapò ak admision yo
- ◆ Defini orè ki bon
- ◆ Kijan pou itilize espas pou sèvis kominotè yo
- ◆ Amelyore aksè ak alimantasyon ki apwopriye sou plan kiltirèl
- ◆ Kominike nouvo politik, pwosed, oswa pwototip
- ◆ Egzamine plizyè kalite modèl pou distribye manje
- ◆ Etablisman relasyon jeneral ak konfyans ak kominite a

An rezime, genyen yon pakèt bagay pou aprann nan men manm estaf nou yo, kliyan nou yo, manm kominote yo, ansanm ak lòt moun ki afilye ansanm ak sant alimantasyon ou an.

# KIJAN POU MWEN KOMANSE?

**Ko-konsepsyon an genyen twa faz: konprann, ko-konsepsyon ak pwototip ak evalye. Ou pa bezwen genyen yon antecedan espesyal nan konsepsyon pou fè sa.**

## KONPRANN

Pandan faz inisyal sa a, ou ranfòse konpreyansyon fonksyonnan aktyèl ou genyen sou sant alimantasyon ak eksperyans manm kominate a. Ou kapab pase tan nan obsèvasyon fonksyonnan sant alimantasyon, fè evalyasyon fonksyonnan yo, epi òganize entèvyou fòmèl ak enfòmèl ansanm ak volontè, manm estaf yo, ansanm ak kliyan sant alimantasyon yo. Kreye yon komite k ap kreye ansanm pou idantifye opsyon amelyorasyon eksperyans epi reflechi sou pwototip pou fè tès yo. Objektif lan se pou konprann sa k ap byen fonksyone epi sa ki merite fonksyone.


## KONSEPSYON KOLEKTIF AK PWOTOTIP

Reflechi sou plizyè solidyon ansanm ak komite konsepsyon kolektif lan. Etabli yon pwototip (oswa plis) pou fè tès la pandan yon distribisyon ki gen pou vini. Anonse manm kominate yo ou pral eseye yon bagay ki novo pou amelyore eksperyans yo epi ou ta renmen konnen sa yo panse sou fason sa ka mache.

## EVALYASYON

Kijan nouvo ide sa a te mache? Kolekte kòmantè nan men manm kominate a, epi amelyore pwototip lan selon bezwen yo (oswa abandone li nèt si genyen plis negatif pase pozitif).

—  
Pifò sik konsepsyon kolektif yo genyen kèk sik “konpreyansyon,” “tès,” ak “evalyasyon.” Objektif lan genyen ni pou amelyore solisyon yo, epi toujou genyen opinyon kominate a.



## KOMITE KONSEPSYON KOLEKTIF: KIYÈS KI SOU TAB LAN?

Genyen plizyè fason ou kapab pi byen konprann eksperyans manm kominote yo pandan w ap vizite sant alimantasyon – atravè ankèt ak obsèvasyon gwoup deba yo. Bwat zouti sa a chita sou kreyasyon yon komite konsepsyon kolektif (komite konsepsyon kolektif), yon gwoup ki pral avanse avèk ou atravè faz konpreyansyon-pwototip-evalyasyon ki dekri pi wo a. Gwoup sa a pral pataje eksperyans yo genyen, mete pwoblèm yo devan, epi panse sou nouvo solisyon. Komite konsepsyon kolektif ou an dwe reflete baz kliyan sant alimantasyon an epi kapab genyen ant 5 jiska10 moun. Envite tout moun patisipe pandan n ap pote anpil atansyon ansanm ak kliyan sant alimantasyon an ki vini apati ti gwoup demografik ki redui. Chwazi moun ki aktif nan kominote a (pa egzanp, òganizatè kominotè, manm asosyasyon ki nan katye yo, elatriye) sa kapab itil tou pou konprann pi byen bezwen ak aktif kominote a.





### Komite konsepsyon kolektif lan kapab genyen ladan li:

- ◆ Kliyan sant alimantasyon yo
- ◆ Manm/defansè kominote yo
- ◆ Kowòdonatè sant alimantasyon an + lòt manm estaf/volontè
- ◆ Ekspè nan sistèm alimantè a (yo ka envite yo nan konvèrsasyon patikilye sou rekiperasyon alimantè, elatriye)

Si gwoup lan gwo, ou pral bezwen èd pou anime epi asire yo pran tout lide yo an konsiderasyon. Yon kowòdonatè sant alimantasyon, yon ajan lyezon kominotè, oswa volontè kapab itil si genyen youn. Si w panse w ap bezwen plis èd nan men pèsònèl la ak volontè yo, epi yo p ap kapab bay, konsilte sant kominotè ki nan rejon an, sant sante ki nan katye a, bibliyotèk, oswa lidè kominote endependan yo. Lòt opsyon an se pou vizite meri ki nan rejon ou an. Kounye a genyen yon Biwo Sèvis Katye oswa Biwo Angajman Kominotè nan plizyè vil ki kapab konseye ou yon moun petèt.

Si ou genyen difikilte pou lang lan, asire ou vini ansanm ak yon moun ki pou tradui pou ou, kidonk pou manm yo kapab bay kòmantè yo san kè sote . Nan seyans konsepsyon kolektif nan Boston, pa egzanp, pou moun ki pale panyòl ak chinwa yo te benefisyé èd tradiksyon. Mande kote ou ye an si genyen yon manm nan estaf sant alimantasyon an, volontè, kliyan, oswa menm manm komite konsepsyon kolektif lan si yo kapab bay sèvis sa a, y ap peye pou sa. Epitou sèvis tradiksyon yo kapab disponib atravè lòt òganizasyon kominotè oswa biwo gouvenman lokal yo. Nan Boston, Biwo Aksè Lenguistik ak Kominikasyon yo te bay sèvis tradiksyon pou seyans sansibilizasyon ak konsepsyon kolektif yo.

Peye manm komite konsepsyon kolektif yo pou tan ak ekspètiz yo. Si ou pa genyen resous pou sa, planifye pou kolekte lajan pou bidjè sa a avan menm ou kòmanse ansanm ak seyans konsepsyon kolektif yo.

Nan kad pwojè **Plonje Pi Fon an: Zouti ki nan paj 24**, ou kapab jwenn yon lis pri ki posib yo ansanm ak fòm aplikasyon komite konsepsyon kolektif lan ou ka itilize pou ankouraje itilizatè sant alimantasyon pou yo aplike.

## EVALYASYON SANT ALIMANTASYON AN

**Yon evalyasyon sant alimantasyon an pral ede detèmine sa k ap byen mache, epi sa ki dwe amelyore. Se yon premye etap ki enpòtan epi ki ta dwe pèmèt komite konsepsyon kolektif lan chwazi sou kisa yo dwe travay. Li enpòtan pou enplike komite konsepsyon kolektif lan nan pwosesis sa a si li posib.**


Evalyasyon ou an kapab genyen ladan li yon lis aktif aktyèl sant alimantasyon an, done Kantitatif (pa egzant, kantite moun yo sèvi), ak done Kalitatif (pa egzant, kòmantè kliyan sant alimantasyon yo bay).

Nan kad pwojè **Plonje Pi Fon an: Zouti ki nan paj 24**, ou kapab jwenn yon lis verifikasyon evalyasyon sant alimantasyon an ki detaye ansanm ak egzant ki pou ede ou fè evalyasyon pa ou.

Si lis sa a ta vle bay dekourajman, gade pou wè si genyen nenpòt pwen done nan lis sa ou p ap kolekte aktyèlman, men ou te wè nan demann sibvansyon an epi konsantre enèji ou la.

Eseye konsyan konsènan done w ap mande kliyan sant alimantasyon pou yo bay ansanm ak politik done konfidansyèl ou yo. Kèk kesyon - tankou estati imigrasyon - jeneralman pa nesèsè epi kapab genyen yon efè negatif sou kominite ki bezwen èd yo. Si ou te déjà kolektif done, kit se pou bezwen pa ou, oswa nan kad egzijans sèvis minisipal lan oswa patnè bank alimantè ou an, ou kapab gentan genyen tout sa ou gen bezwen. Ou kapab panse ajoute kèk kesyon anplis ki gen rapò ansanm ak pwosesis konsepsyon kolektif lan.

Li kapab diferan nan fason yo kolekte enfòmasyon sa a selon sant alimantasyon ou an epi fonksyonnan li yo. Kèk sant alimantasyon toujou ap fonksyone ak plim ak papye, lòt Fòm Google oswa Excel, epi genyen kèk ki déjà pase sou nouvo lojis yèl tankou Salesforce oswa Oasis. Si ou panse genyen yon sistèm dijital, pwosesis konsepsyon kolektif lan ka ba ou yon bon rezon pou fè sa. Youn nan avantaj platfòm Oasis lan genyen se paske yon fanmi ka sèlman fè yon sèl enskripsyon, après itilize yon nimewo kliyan oswa yon kat idantite Oasis jenere.



### Konsepsyón kolektif: Ki kote pou kòmanse?

Kijan antanke yon gwooup nou deside sou kisa pou kòmanse? Yon pakèt pwoblèm - gwo ak piti - pral kòmanse parèt nan kesyon tankou "Kisa ki mache byen nan sant alimantasyon an?" epi "Kisa ki ta ka amelyore?" Make lide sa yo sou yon tablo reyinyon, yon tablo blan, oswa nan yon Google Doc ou ka pataje. **Rezulta Evalyasyon Sant Alimantasyon** ou an pral kreye anpil debouche.

Klase tout opòtinite yo an pwojè akoutèm, mwayen tèm epi alontèm, konsa w ap genyen yon imaj klè sou sa k ap mache.

Aktyèlman se moman pou deside sa ki fèt reyèlman. Pa egzanp, chèche yon nouvo lokal oswa pèmanan pou sant alimantasyon ou a ta ka yon posibilite alontèm pa rapò ak redui tan datant kliyan sant alimantasyon an jeneral oswa ogmante kantite pwodui fre ak manje ki apwopriye sou plan kiltirèl yo ofri.

Nan kad pwojè **Plonje Pi Fon an: Zouti ki nan paj 24** yo, ou kapab jwenn yon zouti konsepsyón **Kat Priyorite**, ki kapab ede ou klase ak mete priyorite sou domèn ki bay posibilite yo. Si ou genyen yon tablo blan oswa tablo reyinyon, afiche li yon kote pou wè pou ka raple ou sou kisa w ap travay.

Eseye atake bagay ki plis fasil yo avan ansanm ak komite konsepsyón kolektif ou an. Non sèlman ou pral kapab aplike chanjman sa yo byen vit, men tou sa a pral kreye yon momantòm epi montre kliyan sant alimantasyon yo gen chanjman pozitif ki ankou ak plis ankò ap vini! Sepandan, li bon pou pa pèdi gwo chanjman transfòmasyon sa yo ki pral rive pandan w ap kontinye travay ansanm ak kominate ou an.

Nan kad pwojè **Plonje Pi Fon an: Zouti ki nan paj 24**, ou ka jwenn yon **egzanp kalandriye konsepsyón kolektif** pou ede ou òganize komite Konsepsyón kolektif ou an.

#### **Nòt:**

---

---

---

---

---



# KREYE ESPAS FAVORAB POU KONSEPSYON KOLEKTIF LAN

**Eseye kreye yon espas favorab pou manm konsepsyon kolektif yo ka aprann sou youn lòt, mete kreyativite yo deyò, epi santi yo konfòtab pou abòde sijè ki difisil.**

Pandan kèk premye seyans ou genyen, manm komite yo kapab kòmanse pandan y ap pataje antesedan epi kisa ki fè yo vini nan komite konsepsyon kolektif lan. Òganize yon repa pataj, oswa sèvi manje manm komite yo sijere, se yon bèle mwayen pou manm yo konnen youn lòt atravè pataj manje, resèt ak kilti.

Amenaje sal lan yon fason pou ankouraje kolaborasyon an. Ranje chèz yo an sèk oswa arebò yon tab, konsa chak manm enplike epi vizib. Si w genyen yon tablo blan oswa tablo reyinyon sou men sa kapab itil pou anrejistre tout lide manm komite a pataje.

Ajoute eksperyans oswa metòd pratik pou ankouraje komite a dekouvi plizyè posibilité. Pa egzanp, si w ap patisce nan konsepsyon kolektif yon estasyon favorab sou renovasyon, mande komite a trase plan an oswa mande pou yo repwodui yon nouvo pwosesis akèy an ti gwoup.

Chwazi tan pou seyans konsepsyon kolektif lan k ap bon pou gwoup lan. Jeneralman aprè lè travay nòmal yo pi bon men ki ka egzije plis sipò (pa egzanp, swen gadri).

Tanpri fè yon koudèy nan **Plonje Pi Fon an: Zouti ki nan paj 24** an, ki pwopoze yon **egzanp kalandriye reyinyon** epi yon **gid pou animatè**.

## FÈ MESAJ LAN PASE

Anonse alavans chanjman ou pral fè sou pwototip epi envite manm kominote yo, pandan w ap prezante yo nan kad jefò pou amelyore eksperyans itilizatè yo. Ou kapab menm fini bay kèk manm siplemantè travay pou komite konsepsyon kolektif ou an ki eksite sou chanjman.

Pa egzant, kreye yon pano k ap anonse chanjman yo epi afiche li nan pati kote tout moun kapab wè li pandan youn (1) oswa de (2) semèn avan w teste pwototip lan. Tradui li sou Google Translate, bay youn nan manm komite konsepsyon kolektif ou an travay, oswa konsilte biwo sèvis piblik ki ofri sipò lenguistik.

Bouch nan bouch youn di lòt genyen anpil fòs: manm komite konsepsyon kolektif yo pral kapab simaye pawòl lan.

Tanpri fè yon koudèy nan **Plonje Pi Fon an: Zouti ki nan paj 24**, antanke yon **egzant tèks**.





# APLIKASYON

## Eseye - Kolekte Enfòmasyon - Repete

Aprè kèk seyans konsepsyon kolektif, komite konsepsyon kolektif lan dwe genyen yon pwototip ki pare pou tout moun itilize! Tanpri voye yon koudèy nan **Etid Ka Harvest on Vine ki nan paj 2**, konsilte yon egzanz pwototip ki deja an fonksyon. Pwochen etap lan genyen ladan li aplikasyon solisyon sa a epi asire pou kolekte kòmantè nan men kliyan sant alimantasyon, kidonk ou kapab kontinye amelyore solisyon sa a. Yo ka kolekte kòmantè sa a nan plizyè moman pandan yon distribisyón, sitou si moun yo nan lis datant oswa te deja resevwa manje yo. Sa ki plis enpòtan an se pou konprann sou fason chanjman sa yo afekte moun yo reyèlman. Si ou genyen lòt volontè ou kapab mande yo opinyon yo pandan w ap poze yo plizyè kesyon tankou: Èske yo plis satisfé? Kisa yo panse konsènan chanjman yo? Kisa yo ka rekòmande? elatriye.


Etap aplikasyon an se kote anplwaye sant alimantasyon yo dwe responsabilite yo, paske alafan se yo menm ki pral asire tout bagay pase byen nan pwototip la! Sepandan, manm komite konsepsyon kolektif yo / volontè yo / manm kominote a oswa lòt moun ki vle ede ta dwe gen yon pati nan etap aplikasyon an. An royalite, li pi bon pou tout moun ki gen enterè yo pou ede nan aplikasyon chanjman sa yo, kidonk ranfòse patisipasyon kolektif lan.

Nan moman ou vle aplike chanjman yo, eseye yon bagay a chak fwa. Pa fè chanjman konplè nan sistèm lan yon sèl kou etandone sa kapab lakòz anpil konfizyon. Gen kèk bagay ou ka eseye ki pa mache jan ou te planifye a, kidonk mete tèt ou sa a se yon pwosesis pwodiktif, youn ki mande pou refè. Ou vle prepare pi gwo chanjman epi asire moun w ap sèvi yo konprann chanjman sa yo se dènye chanjman pou yo gen yon pi bèl eksperyans.



# PLONJE PI FON: ZOUTI

# PLONJE PI FON: ZOUTI





# GLOSÈ

## Tèm Konsepsyón

### Konsepsyón kolektif

Konsepsyón kolektif: fè referans ak yon metòd patisipatif nan kreye solisyon, kote yo trete tout moun ki gen enterè yo menm jan antanke kolaboratè nan pwosesis kreyasyon an. Se tankou kreye ansanm, se pa pou; sòti anwo se pa anba.

### Seyans konsepsyón

Yon gwoup seyans travay ki kreye pou devlope yon pwototip (konsilte anba la). Pwosesis lan dewoule nan yon seyans an patikilye, ki konpoze ak 5 etap: konprann, defini, kreye lide, fè pwototip epi fè tès.

### Moun ki Gen Enterè

Moun oswa moun ki genyen pouuwa kit pou afekte oswa pwojè/sèvis ou ladan li a afekte (kliyan sant alimantasyon yo, volontè yo, kowòdonatè sant alimantasyon an)

### Pwototip

Yon solisyon ki kreye pou teste lide ak chanjman jiskaske li sanble plis ak yon solisyon pèmanan

### Repetisyon

Pwosesis repetisyon pou amelyore yon pwodui oswa sèvis nan yon delè rapid epi regilye

## Konsepsyón Sistèm Alimantè

### Sekirite Alimantè

Elimine inegalite nan kesyon aksè alimantè epi garanti byennèt ak sekirite kominote k ap pwodui manje. HEAL Food Alliance ak Union of Concerned Scientists genyen bonjan resous pou moun ki vle jwenn plis enfòmasyon.

### Ensekirite Alimantè

Selon Ministè Agrikilti Etazini (United States Department of Agriculture, USDA), ensekirite alimantè se disponibilite limite, oswa irigilye nan manje adekwa ak san danje.

## GID ANIMASYON

**Men kèk machasuiv pou kòmanse si w pako janm anime yon konvèsasyon oswa seyans konsepsyón. Tanpri pa ezite ajoute machasuiv sa yo epi fè nou konnen sa k mache nan sant alimantasyon ou an.**

- ◆ Ou la pou gide konvèsasyon an, se pa pou mennen li nan yon konklizyon presi.
- ◆ Asire w elabore akò kominotè ansanm ak tout gwoup la (pa egzanp, objektif jeneral sesyon konsepsyón kolektif yo, pandan reyinyon yo, metòd komunikasyon, règ pou patisipe, aksè lenguistik, aksè ak gadri, elatriye).
- ◆ Mande patisipan yo pou mete telefòn selilè yo sou silans epi yon kote ki pa sou je, fèmen òdinatè, amwenske yo p ap itilize yo pandan seyans lan.
- ◆ Mande patisipan yo pou yo pote anpil atansyon lè lòt moun yo ap pale, pandan n ap ankouraje yo pran san yo pou tande. Fè patisipan yo sonje yo pou pa entèwonp yo.
- ◆ Kreye yon espas ki gen sekirite pou patisipan yo. "Sa ki di nan seyans konsepsyón kolektif lan dwe rete nan seyans konsepsyón kolektif lan", amwenske tout gwoup lan deside kontrè a ka fèt.
- ◆ Pote atansyon ak tan an. Chak seyans konsepsyón kolektif se 60 minit li ye, sepandan yo ankouraje pou rankontre ni avan ak aprè.
- ◆ Ankouraje patisipasyon. Si yon moun pa te pale, kreye yon espas pou li san yo pa bloke li, epi raple moun ki te pale anpil san ou pa fè yo wont gen lòt moun ki ka gen yon bagay yo vle di. Panse rasanble kòmantè alekri oswa nan ti gwoup yo pou pi byen fè patisipan ki pale mwens yo angaje yo.
- ◆ Etabli yon pwosesis desizyon ki fran epi ki gen kolaborasyon (pa egzanp, tout gwoup lan dwe aksepte ak chak desizyon ki pran).
- ◆ Presize lòt etap yo epi di kiyès ki responsab pou fè pwomosyon responsabilite kolektif lan epi gen obligasyon pou rann kont.
- ◆ Rive byen bonè pou ranje sal lan. Si moun yo rantre anliy, fè aranjman pou gen yon ekran ki disponib pou akeyi yo. Prepare yon ti goute si w genyen. Si genyen dokiman oswa aktivite yo prevwa, chèche genyen materyèl yo alavans.
- ◆ Mande pou yon moun pran nòt pou chak seyans amwenske yon moun vle pran wòl lan.
- ◆ Si vin genyen yon konfli, aksepte sa. Ankouraje patisipan yo pou apwofondi refleksyon yo epi jistifye deklarasyon yo oswa pwendvi yo. Sou kisa li baze? Emosyon? Done? Eksperyans Konkrè?
- ◆ Ankouraje deviz, "Nou tout se elèv, nou tout se pwofesè."
- ◆ An dènye, amize nou!



### Kesyon pou Animate yo Kòmanse

**Men genyen kèk kesyon ou kapab diskite ansanm ak konsepsyon kolektif lan pandan premye seyans yo. Konvèrsasyon sa yo itil pou youn konnen lòt pandan n ap idantifye kesyon pou trete nan kad konsepsyon kolektif lan.**

- ◆ Poukisa ou te vle patisipe nan komite konsepsyon kolektif lan?
- ◆ Rakonte nou sou kominote ou an.
  - ◆ Èske ou enplike nan lòt bagay nan kominote a? Èske w se yon òganizasyon kominotè oswa kolabore ansanm ak kominote a nan lòt bagay? Ki kesyon ki enpòtan pou ou menm ansanm ak kominote ou an?
- ◆ Kisa w renmen manje?
- ◆ Èske li disponib nan sant alimantasyon an aktyèlman? Jeneralman ki kote ou jwenn sa?
- ◆ Èske ou deja vizite yon sant alimantasyon oswa konnen yon moun ki te vizite? Kijan eksperyans lan te ye?
  - ◆ Èske w renmen vizit ou te fè nan sant alimantasyon an? Èske genyen kèk bagay ou vle chanje oswa ta swete wè ki fè pati sant alimantasyon an ki poko egziste pou kounye a?
- ◆ Èske w te vizite lòt sant alimantasyon, itilize SNAP oswa WIC, oswa lòt pwogram èd nitirisyon? Kisa ou renmen oswa pa renmen konsènan eksperyans sa yo ki ka itil la?
- ◆ Si ou ta gen yon bagèt majik, kijan eksperyans ideyal lan t ap ye?
- ◆ Pou animate ki genyen eksperyans ansanm ak sijè sa yo: Kisa ensekirite alimantè / jistis alimantè / souverènte alimantè vle di pou ou?

#### Nòt:

---

---

---

---

---

---

## EGZANP KALANDRIYE KONSEPSYON KOLEKTIF

### Preparasyon

1 mwa anviwon

- ◆ Kòmanse idantifye ansanm ak kòlèg ak volontè sant alimantasyon yo kèk aspè nan fonksyonnan sant alimantasyon ou ki nan avantaj ki sòti nan kòmantè kominate a.
- ◆ Adapte materyèl rekritman konsepsyon kolektif lan pou komite ou an.

### Bay Manm Komite Konsepsyón Kolektif lan Travay

Anviwon 1-2 mwa selon nivo komunikasyon ki déjà egziste ansanm ak kliyan sant alimantasyon yo

- ◆ Bay kliyan sant alimantasyon yo travay pou komite konsepsyón kolektif lan - kantite kliyan ou kapab reyini yo depann gwo sè sant alimantasyon an ak tan epi resous ou genyen.
- ◆ Anonse posibilité ki genyen an epi konekte ansanm manm komite potansyèl yo nan moman y ap vizite sant alimantasyon an, kreye yon afich, epi voye imèl komunikasyon ale.
- ◆ Òganize yon premye reyinyon ansanm ak manm komite a pou kòmanse konnen ki enterè yo genyen, difikilte yo genyen epi ki sijesyon yo ka bay pou sant alimantasyon an.

### Nòt:

---

---

---

---

---

---



## Konprann

1 mwa anviwon

- ◆ Evalyasyon Sant Alimantasyon an
- ◆ Kowòdonatè sant alimantasyon an ansanm ak lòt manm estaf epi volontè ap fè evalyasyon sant alimantasyon an ansanm ak komite konsepsyón kolektif lan.
- ◆ Entèvyou, gwoup diskisyón, epi analize dosye

## Konsepsyón Kolektif ak Pwototip

2-3 mwa anviwon

- ◆ Yo souvan rele "faz konsepsyón kolektif", faz sa a se lè ou prezante rezulta evalyasyon sant alimantasyon an bay tout komite a epi reflechi sou fason pou abòde yo.
- ◆ Chwazi youn oswa de de sijè tankou "kijan nou ka ofri plis engredyan ki enpòtan kiltirèlman nan gad manje a" oswa "kijan nou ka amelyore liy atant lan pou fè eksperyans lan vin pi bon?"
- ◆ Òganize jiska kat (4) seyans 1 èdtan ansanm ak komite konsepsyón kolektif lan pou fè mete lide deyò epi devlope yon pwototip pou teste.
- ◆ Siyale kominote a gen yon chanjman ki pral fêt epi ki ap baze sou kòmantè yo ak travay komite ko-konsepsyón an atravè afich ak pawòl moun fè pase.

## Evalyasyon

1-2 semèn aprè distribisyón nan moman yo te teste pwototip lan

- ◆ Eseye pwototip lan - pa egzanp, nouvo opsyon manje, tab akèy, sèvis kominotè - epi rasanble kòmantè.
- ◆ Regwoupe antanke komite konsepsyón kolektif epi evalye pwototip lan.
- ◆ Fè yon lis sa ki te byen pase, sa ki te mal pase, epi bagay ki dwe amelyore yo.

Yo ka repete sik sa a plizyè fwa abòde plizyè pwoblèm oswa pou teste nouvo posibilité. Itilize zouti sa a pou montre tout pwosesis lan.

## KAT PRIYORITE

**Yon kat priyrite se zouti konsepsyon ki itil anpil ki ka ede ou klase ak mete priyrite sou domèn opòtinite ansanm ak konsepsyon kolektif lan. Komite konsepsyon kolektif lan kapab deside ki kote pou li konsantre sou kritè ki enpòtan pou gwoup lan. Zouti sa a ankouraje chita pale sou ki enpòtan nan yon kad presi.**

**Etap 1:** Trase de (2) aks sou yon gwo sifas.

**Etap 2:** Pran de (2) kritè komite konsepsyon kolektif lan jije enpòtan. Men kèk egzamp pou kòmanse:

- ◆ Pri ak Gravite Pwoblèm lan
- ◆ Enpak Potansyèl ak Jefò Nesesè
- ◆ Ijans ak Enpòtans

**Etap 3:** Mete atik ou yo (avèk nòt ki kole) sou kat lan pandan w ap klase yo selon kritè a.

Valè reyèl egzèsis sa a pral chita nan fè deba ansanm ak komite konsepsyon kolektif konsènan klasman yo.

### Nòt:

---

---

---

---

---

---

---

---

---



**Depans ki wo**

Pa twòp pwoblèm

Anpil pwoblèm

**Depans ki fèb**

## EGZANP KALANDRIYE REYINYON

**Men yon egzanz kalandriye pou yon seyans konsepsyon kolektif k ap dire 60 minit. Lis sa a pa genyen restriksyon epi pral chanje selon sitiyasyon patikilye ou an, kidonk amize ou ak sa!**

### **Byenveni (10 minit)**

- ◆ Pran manje epi chita pou reyinyon an

### **Fè Mizajou epi analize priyorite yo (15 minit)**

- ◆ Diskite sou pwen fò dènye seyans lan (sa k te mache ak sa ki pa te mache)
- ◆ Diskite sou priyorite pou seyans sa a selon evalyasyon sant alimantasyon an oswa ansyen seyans yo.
  - ◆ Pa egzanz, yon kesyon konsepsyon kapab “Kijan nou ka kreye yon nouveau oryantasyon liy, ki ka redui tan datant lan?”

### **Tan pou konsepsyon kolektif lan (30 minit)**

#### **Refleksyon pèsònèl (5 minit)**

- ◆ Chak moun analize difikilte a pandan 5 minit epi pwopoze omwen yon (1) lide pou yo teste.

#### **Vitès Wotasyon (10 minit):**

- ◆ Chak moun genyen yon (1) pou pataje lide li (yo). Li enpòtan pou kenbe menm entansite a, kidonk se sèlman sa ki enpòtan yo k ap parèt. Si ou genyen yon tablo blan oswa tablo reyinyon ki disponib, anrejistre ide sa yo oswa tèm enpòtan yo konswa yo p ap disparèt!

#### **Bay Priyorite (15 minit)**

- ◆ Antanke yon gwoup, diskite sou ki lide ki parèt genyen plis avni. Mete etwal epi ajoute lòt kontèks. Epitou panse itilize Kat Priyorite a pou ede ak sa ki gen priyorite yo.

#### **Sentèz (10 minit)**

- ◆ Deside lòt etap yo epi kiyès ki responsab pou chak eleman
- ◆ Mèsi ak tout moun ki patisipe!



## PRI KI POSIB

### Konpansasyon Patisipan

Alokasyon yo rekòmande pou chak manm komite oswa volontè se \$50 chak èdtan ki fè pati komite konsepsyon kolektif lan.

### Pri Tradiksyon

- ◆ Google Translate oswa lòt aplikasyon ki sanble yo gratis oswa bon mache, men anpil fwa kalite yo fèb epi ka difisil pou navigate oswa itilize nan tan reyèl.
- ◆ Sèvis tradiksyon tan reyèl: yon moun ki entèprete an tan reyèl, ki pale san pran poz, anpil fwa avèk èd ekipman tradiksyon similtane (Jeneralman ~\$150/èdtan pou sèvis pwofesyonèl ki bay sou kontra).
- ◆ Sèvis tradiksyon konsekutif: se yon moun ki entèprete diskou aprè premye oratè a te pran yon poz oswa fin pale (Jeneralman ~\$100/èdtan pou sèvis pwofesyonèl ba li kontra).

### Lòt Pri pou Konsidere

Òganize yon seyans konsepsyon kolektif ki amizan epi ki akeyan kapab mande lòt depans:

- ◆ Rafrechisman pou seyans konsepsyon kolektif lan
- ◆ Pano
- ◆ Dokiman enprime
- ◆ Sèvis Transpò
- ◆ Gadri

## PWOTOTIP

Pri pwototip yo kapab varye selon bezwen patikilye sant alimantasyon ou an, men yo pa dwe chè. Enterè yon pwototip se jis yon tès, pou detèmine si ide a mache, avan yo investi gwo lajan nan yon solisyon yo pwopoze. Si ou estime pwototip lan pral koute twòp lajan, panse sou fason pou redui li epi eseye ti silisyon nan solisyon global lan epi repete ide sa yo nan objektif pou jwenn yon pi gwo solisyon.

# FÒM APLIKASYON KOMITE KONSEPSYON KOLEKTIF LAN

## Komite konsepsyon kolektif [Your Pantry's Name Here] (Non Sant Alimantasyon Ou An La a):

Komite Konsepsyon Kolektif [Your Pantry's Name Here] se yon gwoup 8-10 moun ki genyen plizyè moun ki enterese nan kolaborasyon nouvo konsepsyon ak metòd ki amelyore nan operasyon ki deja egziste nan [Your Pantry's Name Here] ou an.

### Nou envite w aplike si...

- ◆ Genyen 17 lane oswa plis
- ◆ Ap viv nan "vil kote sant alimantasyon ou an ye"
- ◆ Ou te itilize, te fè benevola, oswa te travay ansanm ak [Your Pantry's Name Here]
- ◆ Ou prè pou bay sijesyon ki ka rann eksperyans sant alimantasyon an pi bon
- ◆ Ou vle dekouvri fason pou tounen yon defansè plis efikas nan kominate ou an
- ◆ Ou gen volonte pou kolabore ansanm ak rès komite konsepsyon kolektif lan
- ◆ Ou pran angajman pou patisipe ak plis seyans konsepsyon kolektif ki posib, epi fè konnen alavans si ou pa p ap kapab patisipe

### Angajman pou tan

Manm komite konsepsyon kolektif lan pral sèvi pandan 6-12 mwa epi pral pran angajman pou 3 èdtan aktivite chak mwa.

### Ativite

- ◆ Patipise nan youn (1) jiska de (2) seyans konsepsyon kolektif k ap dire 1 èdtan chak mwa.
- ◆ Soutni aplikasyon pwototip konsepsyon kolektif lan. Sa pral pran plizyè kalite fòm - sòti nan devlope materyèl yo avan yo distribye yo epi ede pou teste pwototip yo pandan jounen distribisyon yo.

### Konpansasyon

Pou remèsyé ou pou tan ak ekspètiz ou, ou pral resevwa \$150 chak mwa.

### Kalandriye sou Pwosesis Seleksyon an

Delè pou soumèt aplikasyon: \_\_\_\_\_

Pwosesis seleksyon an kapab genyen ladan li yon ti pale fasafas oswa nan telefòn



## APLIKASYON KOMITE KONSEPSYON KOLEKTIF LAN

Dat: \_\_\_\_\_

Non Konplè: \_\_\_\_\_

Kòd Postal: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

Imèl: \_\_\_\_\_

Ki jou ak lè nan semèn lan ou disponib pou rankont lan?

---

---

Èske w konn pale anglè? Si w pa konn pale, ki lang ou santi ou alèz pou pale?

---

---

Èske ou gen egzijans nan kesyon aksesibilite?

---

---

Rezon (yo) ki fè ou vle enskri nan komite konsepsyon kolektif lan:

---

---

---

## LIS VERIFIKASYON EVALYASYON SANT ALIMANTASYON AN

Men yon lis verifikasyon pou kòmanse ak evalyasyon sant alimantasyon ou an. Pa ezite modifye nan fason ou bezwen li a. Se pa tout bagay ki nan lis sa a.

### Done Kalitatif

Kòmantè kliyan sant alimantasyon yo bay:

---

---

Kijan kliyan sant alimantasyon yo itilize materyèl pou manje yo ansanm ak sa y ap konplete yo (oswa pa itilize)

---

---

---

Kijan kliyan sant alimantasyon yo pran liy (Èske yo rive byen, pote charyo pa yo oswa sak pa yo? elatriye)

---

---

---

Chanjman sezonye ansanm ak efè yo genyen sou kliyan sant alimantasyon yo, sitou si se deyò ou fè distribisyon an

---

---

---

**Lis Aktif (Byen)**

Kapasite pou konsève kote ki fre: \_\_\_\_\_ Kapasite pou mete fè glas: \_\_\_\_\_

Kapasite pou estokaj kote ki sèk: \_\_\_\_\_

Mwayen transpò: \_\_\_\_\_ Espas etajè: \_\_\_\_\_

Tab: \_\_\_\_\_ Chèz: \_\_\_\_\_

Tant ki ka pliye: \_\_\_\_\_ Transpalèt (Pallet Jack): \_\_\_\_\_

Kòn: \_\_\_\_\_ Kolòn: \_\_\_\_\_

Lojisyèl yo itilize pou kaptire done demografik yo: \_\_\_\_\_

Lojisyèl yo itilize pou kontwole antre ak sòti manje yo: \_\_\_\_\_

Kantite espas yo ki disponib epi ki itilize pou sèvis sant alimantasyon an: \_\_\_\_\_

**Done Kantitatif \*Avan ou travay ansanm ak komite konsepsyon kolektif lan**

Kantite moun yo sèvi pandan 3 dènye distribisyon manje:

Dat: \_\_\_\_\_ Repons: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_ Repons: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_ Repons: \_\_\_\_\_

Done demografik pou envite sant alimantasyon an pandan 3 dènye distribisyon manje ou yo:

Dat: \_\_\_\_\_ Repons: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_ Repons: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_ Repons: \_\_\_\_\_

Materyèl manje ki distribye pandan 3 dènye distribisyon manje ou yo:

Dat: \_\_\_\_\_ Repons: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_ Repons: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_ Repons: \_\_\_\_\_

Dire total pandan 3 dènye distribisyon manje ou yo:

Dat: \_\_\_\_\_ Repons: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_ Repons: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_ Repons: \_\_\_\_\_

## FÈ MESAJ LAN PASE: ECHANTIYON TEKS

Fè moun konnen w ap teste yon metòd amelyorasyon eksperyans epi pa ezite fè yo konnen sa w panse. Nou tradui tèks sa nan lang panyòl, chinwa senplifye, epi kreyòl ayisyen kidonk tout kliyan yo kapab konprann gen chanjman ki gen pou fèt.

### Echantiyon Tèks

---

66 Ou pale epi nou tandé ou!

Pandan pwochen distribisyón nou an, nou pral separe liy yo nan lòd alfabetif pou amelyore eksperyans global ou.

Chanjman sa a pral redui kantite tan ou pase nan liy epi pa pral otorize moun vini kèk èdtan avan yon distribisyón manje. Epitou kounye a nou pral genyen yon liy aksè ki la pou rann li pi alèz pou nenpòt moun ki gen yon andikap epi/ oswa ki bezwen lòt èd. N ap eseye nouvo bagay kidonk pran pasyan ansanm ak nou.

Chanjman sa yo se pou ou! 99



**Men yon chema senp pou itilize:**

**Second Saturday of the month**

**Segundo sábado de cada mes**

**每个月 第2个星期六**

**2yèm Samdi mwa a**

**10:00 am**

**A – L**

**10:45 am**

**M – Z**

**Last Tuesday of the month**

**Último martes del mes**

**每个月 最后一个星期二**

**Dènye Madi nan mwa a**

**6:00 pm**

**M – Z**

**6:45 pm**

**A – L**

